

KESYON MOUN POZE SOUVAN :

1. Ki sa ki te pase?

Nan 11 Desanm, 2009 nou te vin aprann yo te vòlè de (2) òdinatè pòtatif konpayi an ki te nan bilding sosyete an nan Gainesville, Florida. Nou te rapòte vòl la imedyatman a otorite ki ranfòse lwa yo epi kòmanse yon investigasyon. Nou te notifiye enpe nan manm ki la kounye a ak ansyen manm yo ki, kòm rezilta vòl la, te genyen yon posiblite enfòmasyon yo an te konpwomize, ki enkli non, adrès, dat nesans, nimewo Sekirite Sosyal ak enfòmasyon ki gen relasyon ak sante yo. Nou pa genyen okenn prèv yo te ktilize enfòmasyon sa yo nan yon move fason. Pandan investigasyon nou ap pwogrese, nou te aprann te genyen enfòmasyon plis moun te afekte. Nou pral notifiye popilasyon moun adisyonèl ki te afekte yo.

2. Ki enfòmasyon ki te nan òdinatè pòtatif yo? Èske yon moun kapab itilize enfòmasyon sa a pou komèt vòl idantite?

Enfòmasyon ki nan òdinatè pòtatif yo enkli enfòmasyon ki annapre la yo: non, kontak enfòmasyon (tankou adrès, nimewo telefòn ak faks ak adrès imèl), , dat nesans, nimewo Sekirite Sosyal, nimewo ID manm, nimewo ID Medicaid ak Medicare yo, ak enfòmasyon ki gen relasyon ak sante (tankou enfòmasyon dyagnostik, pwosedi medikal ak enfòmasyon preskripsyon, admisyon nan lopital ak nimewo dosye medikal yo). Se pa tout enfòmasyon sa yo ki te nan òdinatè pòtatif yo pou chak moun ki te afekte. AvMed pa genyen okenn prèv yo te itilize enfòmasyon sa yo nan yon move fason kòm rezilta ensidan sa a, epi nou kwè risk pou vòl idantite an ba anpil.

3. Èske yo te voye tout notifikasyon sa yo an menm tan?

Baze sou premye investigasyon an, nou te notifiye enpe nan manm ki la kounye a ak ansyen manm yo an Fevriye 2010. Pandan investigasyon nou ap pwogrese, nou te aprann te genyen enfòmasyon plis moun te afekte. Avèk èd espè forenzik ekstèn, nou te idantifye moun nan popilasyon adisyonèl yo epi nou voye yon lèt notifikasyon ba yo pa lapòs.

4. Mwen se yon man AvMed, men mwen pat resevwa yon lèt. Èske enfòmasyon m la te afekte?

Òdinatè pòtatif yo pat genyen ladan yo enfòmasyon tout manm AvMed yo epi nou kwè sityasyon sa a afekte yon gwoup moun espesifik. Moun ki te gen posiblite pou afekte sou ensidan sa a pral resevwa notifikasyon pa lapòs. Si ou panse ou ka afekte oswa genyen kesyon, ou kapab rele 877-441-3004 Lendi jiska Samdi, 10:00 a.m. jiska 8:00 p.m. Fizo Orè Lès, pou plis enfòmasyon. Itilizatè TTY yo dwe rele nan 877-442-8633.

5. Pou ki rezon mwen te resevwa de (2) lèt?

Nou konbat pou elimine doub notifikasyon nou te voye kòm rezilta plis analiz yo epi nou te angaje nan yon pwosesis pou elimine diplikasyon. Malgre se pa lentasyon nou pou voye plis pase yon lèt pou chan moun, posiblite an rete pou moun resevwa notifikasyon adisyonèl.

6. Pou ki rezon pwosesis notifikasyon an ap pran tan konsa?

AvMed regrèt tout deranjman delè notifikasyon an kòsè pou sèten moun. AvMed angaje espè forenzik ekstèn, pou ede idantifye moun adisyonèl kote enfòmasyon yo te afekte, epi pou ede detèmine yo te idantifye tout moun ki te afekte yo. Li te pran anpil tan pou nou te jwenn, separe ak analize done yo ak pou asosye done avèk enfòmasyon kontak yo pou moun ki te afekte yo.

7. Kisa AvMed ap fè pou ede moun ki te afekte yo?

AvMed te fè aranjman pou founi pwoteksyon idantite sou Rezo Pwoteksyon Idantite Debix san frè pou endividi ki te resevwa lèt notifikasyon AvMed yo. Moun sa yo dwe anrejistre avèk kòd aktivasyon nou founi nan lèt la nan dat delè 15 Oktòb, 2010, swa sou entènèt la nan www.debix.com/AvMed, oswa ou rele 877-441-3004, Lendi jiska Samdi, 10:00 a.m. jiska 8:00 p.m. Fizo Orè Lès. Itilizatè TTY yo dwe rele 877-442-8633.

8. E si mwen genyen pwoblèm pou anrejistre pou pwoteksyon idantite sou entènèt la?

Asistans ak pwosesis anwolman an disponib lè ou rele nimewo gratis nou an nan 877-441-3004, Lendi jiska Samdi, 10:00 a.m. jiska 8:00 p.m. Fizo Orè Lès.

9. E si enfòmasyon pitit mwen an te afekte?

AvMed ap notifie moun ki te afekte yo ak depandan yo an pa lapòs. Chak moun ki afekte dwe resevwa yon lèt. Lèt la genyen ladann enfòmasyon sou etap moun ki afekte yo dwe pran pou pwoteje tèt yo, ki enkli tou enfòmasyon sou kòman pou anrejistre pou sèvis pwoteksyon idantite yo. Pou moun ki resevwa yon lèt ki genyen mwens pase laj dizuit ane, AvMed te fè aranjman pou founi dezan sèvis pwoteksyon idantite avèk Debix ChildScan. Dat delè an pou anwolman pou sèvis sa a se 15 Oktòb, 2010. Lè ou itilize kòd aktivasyon ki nan lèt sa a, ou kapab anwole piti ou an sou entènèt la nan www.debix.com/AvMed, oswa ou kapab rele 877-441-3004, Lendi jiska Samdi, 10:00 a.m. jiska 8:00 p.m. Fizo Orè Lès, pou plis enfòmasyon.

10. mwen te tande gen anplwaye nan milye travay mwen an ki te afekte nan vòl òdinatè pòtatif yo nan AvMed. Kòman pou mwen konnen si enfòmasyon mwen yo te ekspoze?

Moun ki te afekte yo pral resevwa notifikasyon pa lapòs ak enfòmasyon sou etap yo kapab pran pou ede pwoteje tèt yo. Si ou panse ou ka afekte oswa genyen kesyon, ou kapab rele 877-441-3004, Lendi jiska Samdi, 10:00 a.m. jiska 8:00 p.m. Fizo Orè Lès, pou plis enfòmasyon. Itilizatè TTY yo dwe rele nan 877-442-8633.